




Limye Pou Lekol La

Novanm/Desanm 2012

Kòman Fè Fas ak Pèrèz

—Howard Bean

Pèrèz lakoz moun fè move bagay. Kòm egzanp, yon kiltivatè pre Baselòn, nan peyi Lespay, ki t'ap mande woulib machin te jwenn yon woulib nan yon kamyon ki t'ap pote yon sèkèy vid. Kiltivatè a te balanse avèk jwa nan dèyè kamyon san kouvri a. Apre sa lapli te kòmanse. Li te egzamine sèkèy la, li te jwenn li vid, epi li te glise antre ladan pou li te kapab pa mouye anba lapli a. Apre sa dòmi te vin pran misye. Pi lwen, de (2) lòt woulibè te monte nan kamyon an. Kiltivatè ki te andedan sèkèy la te pouse kouvèti a, li parèt tèt li deyò epi fè komantè sa a : « O, lapli a sispann tonbe ». De (2) lòt woulibè yo te tèlman pè yo te sote atè malgre kamyon an t'ap kouri atout vitès. Youn ladan yo te mouri.

Izrayelit yo te gen pèrè sanblab lè yo te kite peyi Ejip. Farawon t'ap pouswiv yo. Se posib ou konnen kòman sa ye lè ou kwense nan yon jwèt tyèkè. Men yon moun kapab santi li pran nan pyèj nan vrè lavi. Lanmè wouj te devan. Lòt kote se te dezè. Dèyè Izrayèl lame Ejipsyen an t'ap avanse. Ala yon pwoblèm ! Sanble kòm si pa t' gen mwayen pou chape.

Men te gen yon Liberatè pou pwoblèm yo. Gen yon Liberatè nan chak pwoblèm nou fè fas—anba grif peche, anba boulvès ak enkyetid nan tan difisil epi anba pèrèz lanmò.

Moyiz te revele fòs li kòm yon lidè ak lafwa li nan Seyè a pamwayen dousè li ak kalme li anfas kesyon foli ak akizasyon. « Moyiz reponn pèp la : Nou pa bezwen pè. Pran kouray. Louvri je nou pou nou wè jan Seyè a pral delivre nou jodi a. Moun peyi Lejip sa yo nou wè jodi a, nou p'ap janm wè yo ankò. Seyè a ap goumen pou nou. Nou menm, poze san nou » (Egzòd 14 : 13, 14).

Ala yon gwo demonstrasyon pisans Bondye ! Tou sa Izrayèl te bezwen fè, se pa pè, rete trankil, obsève delivrans Bondye epi finalman avanse lè lanmè a divize.

Tou sa Moyiz te bezwen fè se te obeyi enstriksyon Bondye pou lonje baton li sou lanmè a epi pase lòd pou Izrayelit yo avanse. Bondye te di Moyiz : « Ou menm, leve baton ou lan.


Lonje men ou sou lanmè a, fann li de bò. Konsa, moun pèp Izrayèl yo va mache nan mitan lanmè a tankou sou tè sèk ... Lè M'ap bat Farawon ansanm ak tout cha li yo ak kavalye li yo, moun peyi Lejip yo va konnen se Mwen menm ki Seyè a » (Egzòd 14 : 16, 18).

Tout lonè ak lwanj se pou Seyè a jodi a, paske Li sove nou, paske Li louvri chemen pou nou kote ki te fèmen, epi paske Li ban nou viktwa sou lènmi yo ki se peche ak lanmò.

Konsidere tou kòman David te fè fas ak lanmò. Li te goumen avèk yon lyon ak yon lous. Li te goumen avèk Golyat. Li te eskive nepe yon wa jalou. Li te bezwen kouri lwen lame Sayil. Li te manke pa chape anba lanmò, pandan li t'ap viv nan mitan lènmi Izrayèl yo, sou pretèks li te fou. Pitit gason li Absalon te chase li nan lavil li a.

Ki leson nou kapab aprann nan esperyans David nan sikonstans pèrèz ?

- *Fè fas ak pèrèz nan non Seyè a.* Li te di Filisten an : « W'ap mache sou mwen avèk nepe, gwo frenn ak ti frenn. Men mwen menm, m'ap mache sou ou nan non Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye lame pèp Izrayèl la. Se Li menm ou te mete an defi vin goumen avè ou » (1 Samyèl 17 : 45).
- *Fè fas ak pèrèz pamwayen lapriye.* David temwaye : «



Nan tray mwen te ye, mwen rele Seyè a, Li reponn mwen, Li delivre m'. Seyè a pou mwen, mwen pa pè anyen. Kisa moun ka fè m' ? » (Sòm 118 : 5, 6).

- *Fè fas ak pèrèz avèk asirans prezans Bondye.* David te pwoklame : « Menm si m'ap pase nan yon ravin kote ki fè nwa anpil, mwen p'ap pè anyen, paske Seyè, Ou la avèk mwen. Se baton Ou ak gòl Ou ki fè kè m' pa kase » (Sòm 23 : 4).
- *Fè fas ak pèrèz avèk konfyans.* Pandan li te kache nan yon gwot lè li t'ap kouri pou sove lavi li akòz Sayil, David te ekri : « Gen pitye pou mwen, Bondye ! Gen pitye pou mwen ! Paske, se bò kote Ou m'ap chache

pwoteksyon. Se anba zèl Ou m'ap kache jouk lè danje a fin pase » (Sòm 57 : 1). Menm jan an pandan li te avèk Filisten yo nan Gat, li te ekri : « Bondye ki anwo nan syèl la, lè mwen pè, se nan Ou mwen mete tout konfyans mwen » (Sòm 56 : 3).

Tankou Alexander MacLaren te di : « Sèlman moun ki kapab di : 'Seyè a se fòs mwen' kapab di : 'ki moun ki ka fè m' pè' ? ».

Atik sa a soti nan *Companions*, March 4, 2012
Christian Light Publications, Inc.
Itilize avèk pèmisyon

Konfese Fot Nou

—Isaac D. Martin

« Se pou nou konfese peche nou yo youn bay lòt. Se pou youn lapriye pou lòt, pou nou kapab geri. Lè yon moun ap viv dwat devan Bondye, lapriye moun sa a gen anpil pouvwa » (Jak 5 : 16). Vèsè sa a nan kontèks pase lwil nan non Seyè a pou gerizon. Egzèsis konfese fot youn bay lòt genyen valè tretman fizik ak espirityèl.

Nou genyen yon kòmandman ki sanble nan Galat 6 : 1 : « Frè m' yo, si nou bare yon moun ap fè yon bagay ki mal, nou menm ki gen Lespri Bondye a nan kè nou, se pou nou mete l' nan bon chemen. Men fè sa avèk dousè. Epi nou menm bò pa nou, veye kò nou pou nou pa tonbe nan tantasyon tou ». Lè nou konsidere « bò pa nou », n'ap panse konsènan pwòp fot nou yo. Sa ede nou gen senpati pou sila a n'ap eseye ede avèk fot li yo.

Si ou pral ede yon moun grandi nan lavi espirityèl li, se posib ou va ede li plis lè ou rakonte kèk nan pwòp lit pa ou. Si ou ale kote yon moun epi kòmanse espliche feblès li oubyen echèk li, ou va sòlve yon sistèm defans chanèl ki di li ou pa vrèman pi bon pase li. Sa kapab vre. Men, si ou pwoche kote li epi kòmanse konfese pwòp fot ou ak feblès ou epi kòman Seyè a te bezwen ede ou, li va plis kòmanse konsidere kòman li menm echwe nan kèk pwèn nan lavi li. Lòm fè fot, epi kèkfwa fot la domine yo – sa vle di, yo echwe espirityèlman akòz fot yo. Yo bezwen èd. Sila yo ki va ede lòt, se sila yo ki konnen pwòp fot yo.

Youn nan gran benediksyon sèvis pase lwil, se tan ki pase nan konfesyon, kote youn ap konfese fot li bay lòt. Chak moun ap gade nan pwòp kè li, avèk imilite konsidere bezwen ki egziste. Bondye pwoche pre nou anpil nan moman sa yo. Nan yon atmosfè imilite konsa, kò a libere anba ogèy ak egoyis epi Bondye kapab travay nan metòd natirèl. Souvan vrè mirak la se nou kapab gade nou menm

avèk anpil onètete epi konsidere kòman nou bezwen padon Bondye.

Nan nenpòt fratrinite kretyen, nou kapab wè fot youn lòt. Nou tante pou panse fot nou pa tèlman move tankou fot frè nou. Ogèy fè nou panse sa. Nou tante tou pou espoze fot lòt moun olye fot pa nou. Sa pa yon egzèsis espirityèl. Lè nou tonbe devan tantasyon sa a, vrè fratrinite a disparèt epi ipokrizi domine. Moun kòmanse pretann yo pi bon pase jan yo ye. Nou viv nan yon eta renyan – renye vrè kondisyon nou. Fratrinite a nan gwo touman lè moun eseye espoze yon moun nan diskisyon devan tout moun oubyen nan predikasyon. Yon lòt bò, kèk nan pi bon ansèyman parèt nan moun ki anseye nan kontèks pwòp feblès ak bezwen yo. Nou wè pwòp tèt nou pi klè lè yon lòt moun espoze fot li ak feblès li. Lè yon moun ouvè kè li, si nou enb, nou va wè pwòp tèt nou. Men si yon moun « ap preche nou », nou gen tandans panse, Kilès li panse li ye ? Pa gen nouriti espirityèl nan kalite echanj sa a. Verite a pa kominike.

Sa pi bon pou kiltive yon atmosfè ouvè, kote nou pa pè konfese nou se moun ki gen anpil bezwen. La nou kapab libreman konfese fot nou youn bay lòt olye konfese fot lòt moun bay lòt. Gen yon gran diferans ant de (2) bagay sa yo. Lè moun konfese pwòp fot yo bay lòt, Sentespri Bondye kapab pote fwi Li nan lavi fratrinite a. Nan lòt la, Satan ap travay pou detwi fwi jistis la.

Konfesyon nou fè youn bay lòt pa yon egzèsis chak semèn. Nan adorasyon regilye, nou konsantre sou Bondye : sou bonte Li, mizèrikòd Li, grandè Li, swen Li chak jou, ak padon Li. Pandan nou vrèman adore, souvan nou vin konnen avèk lapenn gran bezwen nou genyen pou padon ak gras Li. Nou adore pandan n'ap glorifye nan

mizèrikòd ak gras Li. Lè sèl espwa nou se padon ak gras Bondye, nou lib pou konfese fot nou. Nou pa bezwen pè ouvè kè nou paske tout sa nou ye se gras Bondye. Se lè sa a nou kapab reflekte glwa Bondye paske se sa n'ap wè. Avèk imilite Kris, nou kapab libreman konfese fot youn bay lòt

epi lapriyè youn pou lòt. Imilite sa a fè fratènite a vin yon benediksyon.

Atik sa a soti nan *The Christian Contender*, May 2010
Rod and Staff Publishers, Inc.
Itilize avèk pèmision

Kisa W'ap Panse?

—James K. Nolt

« Kisa w'ap panse ? » Se posib ou te poze yon moun kesyon sa a. Oubyen nan silans, ou t'ap mande kisa moun sa a t'ap panse, espesyalman si ou t'ap eseye san siksè pou atire atansyon li. Anpil fwa mwen t'ap mande kisa yon etidyan ap panse, epi madanm mwen konn mande menm bagay konsènan mwen. Se posib lòt moun te poze ou kesyon sa a tou lè ou te plonje fon ap panse, ap imajine yon bagay, oubyen eseye sonje yon bagay.

Panse nou fleksib anpil. Nou kapab vwayaje nan tan pase oubyen nan fiti. Kilès timoun ki pa t' imajine li se yon wa, yon prezidan, yon ewo, oubyen yon lòt moun popilè ? Nou kapab panse konsènan anviwonman lokal nou oubyen vwayaje avèk panse nou nan yon kontinan byen lwen. Nou kapab panse konsènan bi nou, aksyon nou ak reyaksyon nou, akonplisman ak echèk nou, jwa nou ak chagren nou, konsolasyon nou ak dekourajman nou. Epi nou kapab panse konsènan lòt moun, nan fason ki pwodwi bonte oubyen moveste.

Panse nou kapab trè pisan, negatif oubyen pozitif. Poukisa ? Paske yo sòlve aksyon. Tout aksyon lòm pran nesans andedan kràn tèt li. Menm jan an tou, tout kriyote, abi, krim, touye moun ak tout bagay mal pran nesans la. Lè Bondye te pale avèk Adan ak Èv apre dezobeyisans yo, Èv te konprann kòman peche li te kòmanse: « Se sèpan an wi ki pran tèt mwen ki fè m' manje l' » (Jenèz 3 :13b). Jodi a nou bezwen konnen lè Satan ap mal dirije panse nou, konsa nou kapab reziste avèk li. Okontrè, nou dwe pre pou reponn Sentespri.

Ala dekourajan sa te ye pou Bondye lè Li te wè lòm pran chemen ki te mennen nan lanmò – tout sa poutèt move panse li. Move panse Kayen te mennen li touye frè li Abèl, premye nan plizyè milyon asasina. Gran Inondasyon an te vin non sèlman akòz aksyon lòm, men paske « tout lajounen se move lide ase ki nan tèt yo » (Jenèz 6 : 5b). Bib la plen avèk egzanp konsa konsènan efè destriktè panse lòm. Ogèy Wa Sayil te mennen li chite. Wa David te tonbe nan peche apre li te fin wè ak panse sou madanm yon lòt nonm. Sètènman David te sonje pwòp chit li lè li t'ap bay

pitit gason li yon konsèy ki toujou bon pou nou jodi a : « Ou menm Salomon, pitit mwen, se pou rekonèt Bondye papa ou la. Se pou ou sèvi L' ak tout kè ou, avèk bon santiman, paske Seyè a sonde kè tout moun, Li konnen tout sa k'ap pase nan tèt yo. Konsa, si ou chache L', L'ap kite ou jwenn Li. Men, si ou vire do ba Li, L'ap lage ou nèt tou pou toutan » (1 Kwonik 28 : 9).

Kisa w'ap panse ? Mwen pa konnen, men Bondye konnen. Senp panse pwofon sa a plen Pawòl Bondye. « Ou konnen tout sa k'ap pase nan tèt mwen... Ou konnen tout sa m'ap fè » (Sòm 139 : 2b, 3b). « Jezi te gen tan konnen sa ki t'ap pase nan tèt yo » (Matye 9 : 4). Jezi Kris konnen sa ki nan panse nou jodi a. Èske Li ta poze nou menm kesyon an ?

Aktyèlman, yon kreyen vle Bondye konnen panse li. Li invite Bondye sonde li. Li vle tout move panse espoze pou li kapab korije yo ; li vle move zèb rache pi vit posib, olye genyen yo epi dolote yo. « Sonde m', Bondye ! Wè tout sa ki nan kè m' ! Fouye m' ! Wè tout sa ki nan lide m' ! Gade wè si m' sou yon move chemen. Mennen m' sou chemen ki la pou toutan an » (Sòm 139 : 23-24).

Bondye mete yon gwo modèl pou panse kreyen : « Zam m'ap sèvi nan batay m'ap mennen an, se pa menm ak zam moun k'ap viv dapre lide ki nan lemond yo. Zam mwen se zam ki gen pouvwa devan Bondye pou kraze tout gwo fò. M'ap kraze tout pawòl espikasyon ki pa bon, m'ap kraze tout sa lèzom nan lògèy yo ap fè pou anpeche moun konnen Bondye. M'ap mare tout vye lide ki nan tèt lèzòm yo, m'ap fè yo vin obeyi Kris la » (2 Korentyen 10 : 4-5). Annou itilize zam pisan sa yo pou detwi « gwo fò » modèl move panse « epi mennen yo vin obeyi Kris ». Nou pa kapab gen yon lespri parese, ki sèlman vle amize. Nou dwe pran chay panse nou epi pa kite move panse domine. « Mete tèt nou anplas » (1 Pyè 1 : 13a).

Kisa w'ap panse ? Èske ou kapab temwaye tankou Apot Pòl ? « Nou menm, nou genyen lide Kris la » (1 Korentyen 2 :16b nan Bib Kreyòl la) ? Ala yon ankourajman – pou genyen atitud, lespri, lafwa ak pasyans Seyè Jezi Kris. Pandan w'ap vwayaje, pandan w'ap diskite afè nan yon

reyinyon, pandan ou chita otou tab la avèk fanmi ou – « Se pou nou youn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezi Kris la » (Filipyen 2 : 5).

Lespri lòm se yon tèren batay, nou deside ki lame n'ap pèmèt genyen : Bondye oubyen Satan. Se pou Pawòl Bondye ak Sentespri genyen batay pou lespri nou ; nou p'ap kapab fè sa avèk pwòp fòs nou. « Pawòl Bondye a gen lavi, li gen pouvwa. Li pi file pase kouto de (2) bò. Li koupe jouk li jwenn kote nanm ak lespri moun fè youn, jouk kote vyann ak mwèl zo kontre. Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun » (Ebre 4 : 12). Pawòl la penetre fon nan kè nou, pa sèlman ede nou fè sa ki byen, men tou fè sa ki byen pou bon rezon. « Kite Lespri Bondye a dirije lavi nou. Pa obeyi egzijans kò a » (Galat 5 : 16).

Lè nou pèmèt Pawòl Bondye ak Sentespri travay nan kè nou, nou genyen yon lòt estrateji sou tèren batay la : « Pran pozisyon kont Satan, l'a kouri kite nou » (Jak 4 : 7b). Kèkfwa Satan bonbade nou avèk move panse. Nou dwe kareman repouse li tankou Jezi te fè lè Li te di : « Wete kò ou sou Mwen, Satan » (Mak 8 : 33b). Si se pa sa, ou va

komanse fè sa ki mal plis chak jou, epi peche va pote yon move fen. « Men, lè yon moun anba tantasyon, se pwòp move dezi moun nan k'ap rale l, k'ap pouse li. Konsa, move dezi a travay nan kè li, li fè l' fè peche. Lè peche a fin fèt, li bay lanmò » (Jak 1 : 14-15).

Kisa w'ap panse ? Se yon kesyon enpòtan. Gen yon lòt kesyon enpòtan. Kisa Bondye ap panse ? « Se Mwen ki konnen sa M' genyen nan tèt Mwen pou nou. Se Mwen menm Seyè a k'ap pale. Se byen nou Mwen ta vle wè, pa malè nou. Mwen ta vle demen nou jwenn sa n'ap tann lan » (Jeremi 29 : 11). Ala yon ankourajman ! Men gen yon kondisyon pou pwomès sa a. Remake vèsè 13 la : « N'a chache M', n'a jwenn Mwen, paske n'ap chache M' ak tout kè nou ». Bondye genyen lòt panse konsènan moun ki refize Li : « Bondye ap vire do bay moun k'ap fè sa ki mal » (1 Pyè 3 : 12b).

Panse ki fè Bondye plèzi bay yon lavi ki fè Bondye plèzi epi atire benediksyon Bondye. Panse ki pa fè Bondye plezi pwodwi yon lavi ki pa konfòm ak Bondye epi sa rale pinisyon Bondye. Kisa w'ap panse ?

Nouvo Lavi A

—R L B

Ki prèv nouvo lavi nan Kris la nan ou? Anpil kretyen konsantre sou divès prèv nan yon moun ki pou Kris. Yon moun te di mwen yon fwa : « Vrè prèv si wi oubyen non moun se vrè kwayan se si yo renmen youn lòt ». Mwen te enpe twò etone pou reponn nan moman sa a, men renmen youn lòt se sètènman yon prèv kle pou bon jan kretyènte a. Poutan, lespri mwen t'ale nan pawòl Jezi ki di : « Si ou renmen Mwen, kenbe kòmandman Mwen yo » (Jan 14 : 15). Menm pasaj nan 1 Jan 2 ki di renmen frè nou se prèv delivrans nou di tou, « nou konnen nou renmen Li si nou kenbe kòmandman Li yo ».

Lòt moun konsantre sou montre lamou pou lemonn ki antoure nou kòm prèv vrè kretyènte a. Se vre, souvan nou tandè pawòl Menno Simons site pou ilistre sa a. Poutan, si ou li tou sa li te di lè li te pale konsènan nouriti moun ki grangou, bay mizerab kote pou yo rete ak konsòl moun ki maltrete yo, nou va wè li te kwè kretyènte a demontre plis pase sa. Men sa Menno Simons te ekri :

Paske vrè lafwa evanjelik la pa yon nati nou kapab mete dòmi ; men li manifeste nan tout jistis ak travay lamou ; li mouri annegad lachè ak san ; li detwi tout konvwatiz ak dezi ; li kòdyalman chache sèvi ak respekte Bondye ; li abiye moun ki touni yo ; li nouriti moun ki grangou yo ; li konsòl moun ki aflije yo ; li bay mizerab yo kay pou yo rete ; li ede

ak konsòl tout moun y'ap maltrete ; li remèt byen pou mal ; li sèvi sila yo k'ap fè ou mal ; li lapriye pou sila yo ki pèsekite ou ; li anseye, egzòte epi blame avèk Pawòl Seyè a ; li chache sila yo ki pèdi ; li panse sila yo ki blese ; li geri sila yo ki malad epi delivre sila yo ki ansante. Pèsekisyon, soufrans ak enkyetid ki tonbe sou li poutèt verite Seyè se yon jwa ak konsolasyon glorie.

Note li te premyèman konsantre sou jistis ak bon zèv, apre sa li te pale sou fè mouri lachè, entèdi konvwatiz ak dezi. Li te pale tou sou blame ak egzòte avèk Pawòl Bondye epi chache sa ki pèdi. Andedan deklarasyon sou sentete kretyen se gran pawòl li konsènan nouriti moun ki grangou, fè byen pou moun ki fè ou mal epi panse moun ki blese.

Nou pa preche oubyen viv yon moso Levanjil. Moun ki va fidèlman sèvi Kris dwe viv nan sentete ak obeyisans Pawòl Li. Yon lavi kretyen konsistan se prèv lafwa nou ak yon temwayaj esansyèl pou yon lemonn ki grangou non sèlman pou nouriti fizik men pou Pen lavi a. Lè nou ede moun ki nan bezwen, annou prezante Pawòl Bondye nan totalite li nan tan grangou espiyèl jodi a pou tandè Pawòl Seyè a. (Amos 8 : 11).